# GMB

GRAIN MARKETING BOARD

ASSURING FOOD SECURITY

# Mitemo Yebasa Kuvashandi/ Vatengi



## NHUNGAMIRO

Grain Marketing Board ibazi rehurumende rakazvimirira rinoona nezvekutenga nekutengeserana kwezvirimwa zvakasiyana-siyana rakavambwa zviripamutemo richitsigirwa nedare reparamende, ***Grain Marketing Act [Chitsauko18:14].*** Bazi iri rinovavarira kupedza nzara munyika nekukurudzira kuzadzisa shuwiro yekuti munyika muve nekudya kwakakwana. Chinyorwa chino chinojekesa ukama huri pakati peGMB nevatengi/vatsigiri vayo uye mabasa akasiyina-siyana avanoita. GMB ibazi rinozvipira kushandidzana zvakanaka nevarimi, vatengi nevatsigiri varo, vachinyatsoita basa ravo nemazvo.

### CHINANGWA

Nzvimbo yepamusoro-soro muketani yezviyo panosvika gore ra2030

### DONZVO

Kuvavarira kuti munyika muve negutsaruzhinji pashaikwe anofa nenzara munyika uye kutungamiririrwa kwakanaka kwedura renyika.

### ZVINOKOSHESWA/ZVIGA

Kushandidzana pamwechete, Kuita basa riripachena, Kubata vashandidzani zvakanaka, Kugadzira mamwe mazano matsva anobatsira kuumbiradza mashandiro edura renyika.

### ZVINOSUNGIRWA KUITWA

Kupedza nzara munyika kuburikidza nehutungamiriri hwe Grain Management Reserve. Izvi zvakadzikwa nedare reparamende Grain Marketing Act (Chitsauko 18:14), 1996 Debt Takeover Agreement and National Development Strategies.

## VANODYIDZANA NEGMB

| Vamwe Vanhu Vekunze Vanodyidzana NeGMB | Vamwe Vanhu Vemukati Vanodyidzana NeGMB |
|---|---|
| Varimi, Vatakuri vezvirimwa, Hurumende, Mamwe mapazi ehurumende, Vagaisi, Vabati vehomwe, Mapazi asiri ehurumende, Akazvimiririra, Vanofambisa mashoko, Vakuru vematunhu. | Vatungamiriri vepamusorosoro, Vatungamiriri vepakambani, Vashandi. |

## KUZVIPIRA KWEDU KUVATENGI

Kupa mabasa emhando yepamusoro uye anoshanda zvakanaka pazvinotevera:

### Mwero Webasa

| Mabasa eGMB | Nguva Inotarisirwa Kupedza Basa |
|---|---|
| Kutorwa kwezvirimwa | 1 hour 45 minutes pa 30 tonne truck |
| Kuburitswa kwezvirimwa | 1 hour 30 minutes pa 30 tonne truck |
| Kutengeserana zvirimwa | 20 minutes |
| Kupinda kwerunhare | Kudairwa nekukurumidza mukati mekurira katatu |
| Kugoverwa kwezvinoshandiswa kurima | Within 24 hours |
| Kutambirwa kwezvinoshandiswa pakurima | 1 hour |
| Kuburitswa kwezvirimwa mumotokari | 45 minutes pangoro |
| Kukura kwemotokari yakweretwa, **(7 tonne lorries**) | Within 24 hours |
| Kutokonyorwa kwenzungu | Within 24 hours |
| Huremu hwayerwa pachikero | Within 10 minutes |
| Zvimwe zvingangobvunzwa/Mibvunzo | Within 24 hours |
| Kubhadara | Within 72 hours |
| Kuiswa kwemishonga muzvirimwa | Within 72 hours |

### Zvinosungirwa Kuitwa Nedura Renyika

**Zvichaitwa:**

- Kubata varimi, vatengi nevatsigiri veGMB zvakanaka
- Kushandidzana nevagari vese vemunyika kusanganisira vanematambudziko eurema
- Kuzogaro taurira nekuyeuchidza vashandidzani veGMB kana paine shanduko yaitika pamashandiro avo
- Kuvimbisa vashandidzani veGMB kuchengetedzwa kweruzivo rwusingafanirwe kubuda pachena
- Kuvimbisa kuchengetedzwa kwevatsigiri nevavakidzani veGMB panzvimbo iyi

### Kodzero Dzevadyidzani Vatengi Nevatsigiri

- Kukasika kubatsirwa nenguva uye mune zvakanaka
- Kupiwa mukana wakafanana wekubatsirwa kumunhu wese
- Kupiwa ruzivo rwunonzwisisika uye rwakajeka rwemashandiro edura renyika GMB
- Kukoshesa kuchengetedzwa kweruzivo rusingadi kuyanikwa pachena
- Kukasika kubatsira kana kupa mhinduro vane zvichemo nemibvunzo nenguva
- Kubatsira munhu wese pasina chizivano kana rusarura

### Zvatinokoshesa Pamashandiro

- Kuvimbika
- Kushanda pachokwadi
- Kuremekedzana
- Kushandidzana pachena zvisina kuvanzirana
- Kutevedza gwara rinoratidza kuvimbika tichipa vavakadzani vedu nhamba dzenharembozha dzinganetsi kubata

### Zvatinovavarira Kuzadzisa

- Kushandidzana tichitevedzera bumbiro remutemo wenyika
- Kuedza kuderedza mabudiro emari pamashandiro
- Kuripirwa kwemari nenguva
- Kukoshesa maonero nepfungwa dzinobva kuvatengi nevatsigiri veGMB
- Kurwisa nekupedza huori

### Ongororo Yegwaro Rekushandidzana

Gwaro Rekushandidzana pakati peGMB nevatsigiri varo richapota richiongorororwa pagore rega rega.

### PAMUNGATIBATA

Chayai nhare kana muine zvichemo
Pa: 08677004941
kana email pa: publicrelations@gmbdura.co.zw

### KERO

**GMB Head Office**
Dura Building
179-187 Samora Machel Avenue, Harare
Tel: 08677004941
E-mail:publicrelations@gmbdura.co.zw

### NGUVA DZEBASA

**Depots:** Muvhuro kusvika Chishanu - 0730hrs to 1700hrs.
**Regional Offices:** Muvhuro kusvika Chishanu- 0730hrs to 1700hrs.
**Head Office:** Muvhuro kusvika Chishanu- 0745hrs to 1630hrs.
Nzvimbo dzese dzakavharwa neMugovera, Svondo neMazororo eruzhinji

**Dr. Edson Badarai**
**Chief Executive Officer**



